

Khutbah Idul Fitri Bahasa Jawa: Mbiasaaken Amaliyah Ramadhan

<https://pcnucilacap.com/khutbah-idul-fitri-bahasa-jawa-mbiasaaken-amaliyah-ramadhan/>

الله أكبر 9 x

الله أكبر كبيراً والحمد لله كثيراً وسبحان الله بكرة وأصيلاً لا إله إلا الله و الله أكبر الله أكبر
ولله الحمد . الحمد لله الذي جعل الصوم حصناً لأوليائه وجنة . وجعل عيد الفطر ضيافة
ومنة . وأشهد أن لا إله إلا الله وحده لا شريك له . وأشهد أن محمداً عبده ورسوله . اللهم صل
وسلم على سيدنا محمد وعلى آله وأصحابه والتابعين لهم بإحسان إلى يوم القيامة . أما بعد .
فيا أيها الحاضرون اتقوا الله حق تقاته ولا تموتن إلا وأنتم مسلمون

Kaum Muslimin lan Muslimat ingkang minulya!

Langkung rumiyin kawula aturaken

من العائدين والفائزين وكل عام وأنتم بخير وعافية تقبل الله منا ومنكم:

mugi Allah kersa nampi siam lan ibadah-ibadah kita sanesipun.

Sak terasipun, kita minangka tiyang Islam dipun dhawuhi supados dados tiyang Islam ingkang sae. Tiyang Islam ingkang sae inggih punika ingkang ndadosaken wucalan Islam minangka cepengan lan tuntunan gesangipun. Punapa ingkang dipun wucalaken Islam, punika ingkang dipun amalaken. Dipun ngendikaaken gampil nanging angel sanget cak-cakanipun.

Mila punika, sayektosipun, supados setunggaling tiyang saged dados tiyang Islam ingkang sae, tiyang wau kedah teras-terasan mbiyasaaken nglampahi punapa ingkang kedah dipun lampahi. Kanthi punika, punapa ingkang dipun wucalaken Islam kedah kita lampahi, mangkenipun dados kebiasaan kita, kita lampahi, ngantos upaminipun wonten setunggal perkawis kemawon wucalan Islam ingkang mboten utawi dereng kita lampahi, kita ngraos kados taksih gadhah utang, manah dereng plong.



اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Kaum Muslimin lan Muslimat ingkang minulya.

Bukti bilih kangge saged ngleksanaaken wucalan Islam perlu dipun biasaaken saged dipun tingali saking kados pundi caranipun Islam ngajari shalat lare alit. Sak derengipun lare umur pitung tahun, kinten-kinten lare wau sampun wonten Taman Kanak-kanak, tiyang sepuh kedah sampun mucali lare wau tatacara shalat lan ubaram penipun.

Dados, wekdalipun lare mlebet umur pitung taun kirang kalih setengah sasi, tiyang sepuh wajib ngajak lare punika shalat, tiap wekdal shalat. Mekaten teras ngantos lare mlebet umur sedasa taun kirang tigang sasi sedasa dinten. wekdalipun lare mlebet umur punika, dhawuh supados tiyang sepuh ngajak lare shalat tambah *keras*. Menawi sak derengipun punika, lare dipun ajak shalat dereng purun, tiyang sepuh dereng dipun dawuhi punapa-punapa malih.

Ananingin wekdalipun mlebet umur sedasa taun kirang sekedhik, tiyang sepuh dipun dhawuhi ngerasi lare ingkang dereng purun shalat wau. Dados, tigang taun wekdal kangge mbiasaaken lare purun nglampahi shalat lan sak sampunipun punika malah tiyang sepuh kadhawuhan ngerasi lare ingkang mbeling, mboten purun shalat.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Kaum Muslimin lan Muslimat ingkang minulya.

Semanten ugi mbiasaaken lare purun siam. Kawula yakin, asal mboten wonten perkawis ingkang ngganggu, lare umur wolu sangang taun mesthi sampun kiat siam.

Menawi lare umur semanten kok dereng purun siam, punika mesthi jalaran tledhoripun tiyang sepuh, alemanipin lare utawi welasipun tiyang sepuh ingkang mboten sak mesthini pun. Tiyang Jawi rumiyin mastani *welas kang tanpa lalis*. Kedahipun lare TK sampun dipun jak siam, senajan istilahipun nembe *puasa bedhug*. Ingkang pokok, lare sampun dipun ngertosaken lan dipun latih nglampahi setunggaling kewajiban nggih punika siam.

Leres, lare alit panci dereng kewajiban siam, mboten dipun latih nggih mboten lepat, tapi tiyang sepuh kan mboten pareng tledhor.



اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Kaum muslimin lan Muslimat ingkang minulya.

Ing nginggil wau caranipun supados lare alit biasa nglampahi kewajiban. Shalat perlu wekdal tigang taun, wiwit umur pitung taun ngantos sedasa taun kirang sekedhik. Sedasa ngantos baligh malah kedah dipun kerasi. Dene siam, ngantos pitu napa nem sasi Ramadhan, awit umur wolu sangang taun teras ngantos baligh.

Kangge tiyang sepuh mesthinipun mboten mekaten. Cekap sesasi kemawon minangka *penataran* lajeng saben sasi Ramadhan minangka *penyegaran*. Lajeng punapa kemawon ingkang dipun dhawuhi dados kebiasaan kanthi sasi Ramadhan.

1. **Mbiasaaken infak**, mbiasaaken ngirangi arta bandha ingkang dipun miliki kangge tiyang sanes, sami ugi ingkang wajib punapa dene ingkang sunat. Lan punika kangge sedaya tiyang, sami ugi ingkang gadhah utawi mboten. Mbok kita ngertos, zakat fithrah punika dipun wajibaken dhateng sedaaya tiyang? Enem, sepuh, lare, sugih, mlarat sami kemawon, asal wekdal `Iedul Fithri sedinten sedalu piyambake gadhah langkung kangge nedha piyambake sak kulawarga.

Dene ingkang sunat Imam Tirmidzi nerangaken

مَنْ فَطَرَ صَائِمًا كَانَ لَهُ أَجْرٌ مِثْلُ أَجْرِهِ غَيْرَ أَنَّهُ لَا يَنْقُصُ مِنْ أَجْرِ الصَّائِمِ شَيْءٌ.

“Sapa wongge aweh bukan wong pasa wong mau entuk ganjaran kaya wong kang diwei bukan lan ganjarane wong kang diwei bukan iki ora kurang sithik-sithika.”

Sak terasipun para ulama nerangaken, bukan punika mboten kedah maregi, saged mawon segelas toya. Dados cetha, meh sedaya tiyang supadoa mbiasaaken infak. Sinten cobu, tiyang ingkang mboten saged infak toya segelas?

2. **Mbiasaaken shalat sunat**. Sesasi muput kita shalat tarawih sak wiritipun. Dados sesasi muput kita diajari mbiasaaken shalat sunat ingkang menawi kita pilih ingkang *sunnah muakkadah* thok, artosipun ingkang sanget dipun anjuraken thok, shalat punika mboten langkung kathah timbang tarawih, langkung-langkung wekdalipun pencar-pencar dados sedinten sedalu.



3. **Mbiasaaken siam.** Kanthi dur-duran sesasi siam dipun ajeng-ajeng mangke-nipun tiyang kulina siam. Dados., nglampahi shalat ingkang sanes fardlu lan siam sanesi- pun Ramadhan perlu dipun kulinaaken. Sahabat ageng kalih, Abu Hurairah dan Abud Darda`, pikantuk pesen mirunggan saking ngarsa dalem Rasulullah saw supados tansah nglampahi tigang perkawis, 1. siam tigang dinten saben sasi; 2. shalat Dluha saben dinten lan 3. shalat Witir sak derengipun tilem.

4. **Mbiasaaken tangi ndalu-ndalu,** paling mboten sak derengipun Shubuh. Panci sak dangune Ramdhan kita tangi wekdal ndalu perlu sahur. Ning ketingale kok kesanget- en tangi ndalu mung perlu nedha, babar pisan mboten nglampahi ibadah napa to napa, shalat umpaminipun. Langkung-langkung, shalat ndalu senaos namung kalih raka`at ageng sanget fadlilahipun. Langkung-langkung malih wonten tantangan saking Gusti Allah, sinten ingkang nyuwun dateng Panjenenganipun wekdal niku, bakal dipun paringi, sinten nyuwun ngapunten bakal dingapunten.

Mila pantes sanget, sinten siam Ramadhan, kok sak sampunipun punika mboten tambah sae, saged ugi siamipun mboten dipun tampi Gusti Allah, namung angsal ngelih lan ngelak, kados katerangan setunggaling hadits. Wonten masalah punika ketalipun sami kalih tiyang tindak haji, sak konduripun ajeg-ajeg mawon, sanget ageng kemungkin anipu hajinipun mboten mabrur, tapi naming saged semerep Tanah Suci. Na`udzu billah!

جَعَلْنَا اللَّهُ وَإِيَّاكُمْ مِنَ الْعَائِدِينَ وَالْفَائِزِينَ. وَأَدْخَلْنَا وَإِيَّاكُمْ فِي زُمْرَةِ الْعِبَادَةِ الصَّالِحِينَ. اَعُوذُ بِاللَّهِ
 مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ : قَدْ أَفْلَحَ مَنْ تَزَكَّى. وَذَكَرَ اسْمَ رَبِّهِ فَصَلَّى.
 بَلْ تُؤَثِّرُونَ الْحَيَاةَ الدُّنْيَا. وَالْآخِرَةَ خَيْرٌ وَأَبْقَى . بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ. وَنَفَعَنِي
 وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الذِّكْرِ الْحَكِيمِ. وَتَقَبَّلَ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ. وَقُلْ رَبِّ
 اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ.



KHUTBAH KAPING KALIH

اللَّهُ أَكْبَرُ (×3) اللَّهُ أَكْبَرُ (×4) اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ. الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَامْتِنَانِهِ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ لَهُ تَعْظِيمًا لِشَأْنِهِ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ الدَّاعِيَ إِلَى رِضْوَانِهِ اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا.

أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ بِأَنْتَهُوْا عَمَّا نَهَى وَرَجَرُوا. وَعَلِّمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمْرُكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَتَنَى بِمَلَأَ نِكَتِهِ بِقُدْسِهِ وَقَالَ تَعَالَى إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتُهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَنْبِيَائِكَ وَرُسُلِكَ وَمَلَائِكَةِ الْمُقَرَّبِينَ وَارْضَ اللَّهُمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ وَعَلِيٍّ وَعَنْ بَقِيَّةِ الصَّحَابَةِ وَالتَّابِعِينَ وَالتَّابِعِينَ لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ وَارْضَ عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ.

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ أَلَا حَيَاءُ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ اللَّهُمَّ اعْزِرْ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ وَأَنْصُرْ عِبَادَكَ الْمُؤَحَّدِيَّةَ وَأَنْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَاخْذَلْ مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِينَ وَدَمِّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَاعْلِ كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتْنَةِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَنَّا بَلَدِنَا إِنْدُونِيْسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِن لَّمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ.

عِبَادَ اللَّهِ ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُنَا بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ

